Жийен, Бердақ, Күнхожа ҳәм Әжинияз,
Солардың тәриийпин Өтеш сен бир жаз,
Дүньяда өмирде булар сүрди аз,
Әрман менен мен де өтермен дүньядан [5:94].

Демек, шығармаларынан мәлим болғанындай, Өтеш шайырдың өз дәуириниң ең алдыңғы қатардағы сауатлы адамларынан екенлигин аңлаймыз.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтқанда, Өтеш шайыр өз дәуириниң талантлы шайыры. Образ дөретиўде, әсиресе, шайырлар образын жасаўда өзине тән стильлик өзгешеликке ийе. Шайырдың бийбаҳа мийрасларын тереңнен таллап үйрениў – жаслар ушын оғада әҳмийетли ғәзийне саналады.

**Әдебиятлар**


1. Шукуров Н., Ҳотамов Н., Холматов Ш., Маҳмудов М. Адабиётшуносликка кириш. – Тошкент: «Ўқитувчи», 1979. 232-б.
2. Қуронов Д., Мамажонов З., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. – Тошкент: «Akademnashr», 2013. 408-б.
3. Тимофеев Л. Теория литературы. – М.: «Учпедгиз», 1946. – С.46.
4. Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. (Баспаға таярлаған: А.Каримов). –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1978. 104-б.
5. Ótesh shayır. Yańlıdı. Tańlamalı shıǵarmaları. – Nókis: «Qaraqalpaqstan». 2023. 96-b.
6. Пирназаров А. Қарақалпақ әдебиятында гейпара ойлар. –Нөкис: «Билим», 1991. 216-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада XIX аср қорақалпоқ лирикаси вакили Ўтешнинг бадиий асарлари таҳлил қилинган. Шоир асарларида бадиий образ яратиш хусусиятлари асар матнлари мисолида ўрганилган. Қўшиқларида Жийен, Кунхожа, Ажиниёз, Бердақ шоирларнинг образининг тасвирланиши очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется творчество Отеша, представителя каракалпакского лирика XIX века. Особенности создания художественного образа в творчестве поэта изучаются на примере текстов произведения. В его песнях раскрывается описание образа поэтов Джиена, Кунходжи, Аджинияза, Бердаха.

**SUMMARY.** The article analyzes the artistic works of the representative of the Karakalpak lyricism of the 19th century, Utesh. The features of creating an artistic image in the poet's works are studied using the example of the texts of the work. The description of the images of the poets Jiyen, Kunhozha, Ajinyoz, Berdak in his songs is revealed.


## Sh.SEYTOV PROZASÍNDAǴÍ KÓRKEMLIK IZLENISLER


**N.Jawlıbaeva –** *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** proza, mahorat, badiiylik, uslub, povest, sujet, peyzaj, detal.
**Ключевые слова:** проза, мастерство, артистизм, стиль, повествование, сюжет, пейзаж, деталь.
**Key words:** prose, skill, artistry, style, narrative, plot, landscape, detail.


**Kirisiw.** Shawdırbay Seytov XX ásir qaraqalpaq ádebiyatına 60-jıllarda shayır sıpatında kirip kelgeni menen, 60-jıllardıń ortalarınan baslap keń epikalıq polotnadaǵı kúshli lirik-psixolog jazıwshı sıpatında keńnen tanıla basladı. Jazıwshınıń ózi kórsetkenindey, ol gúrriń mektebinen ótpey, usı kishi prozanıń sheberlik sırların syujetli qosıqlar jazıw arqalı iyeledi [1]. Sonlıqtan da Sh.Seytov poeziyasındaǵı kórkemlik izlenislerdiń haqıyqıy juwmaq kórinisleri onıń prozasında óz sáwleleniwin taptı, yaǵnıy aytqanda syujetli qosıqlar Sh.Seytov prozasınıń dáslepki ideyalıq-estetikalıq derekleri bolıp xızmet etti. Bunı biz onıń prozasındaǵı kórkemlik izlenislerden ayqın kóriwimizge boladı.

**Tiykarǵı bólim.** Sh.Seytov prozasındaǵı kórkemlik izlenisler máselesi kópten berli ádebiyatshılarımızdıń dıqqatın ózine tartıp kelmekte. Bul másele átirapında M.Nurmuxammedov, Q.Maqsetov, S.Bahadırova, K.Mambetov, K.Allambergenov, J.Esenovlar birqatar pikirler bildirip ótti. Mısalı, M.K.Nurmuxammedov óziniń «Házirgi qaraqalpaq prozasınıń geypara aktual problemaları» degen maqalasında: «Sh.Seytovtıń «Kóp edi ketken tırnalar» povesti búgingi qaraqalpaq prozasındaǵı xarakterli qubılıslardıń biri bolıp tabıladı. Bizińshe, bul xarakterlik turmıs haqıyqatlıǵın liro-psixologiyalıq jaqtan súwretlewden ibarat» [2] – dep kórsetedi. Al, usı povest boyınsha pikir bildirgen Q.Maqsetov «adam keypin, dáwir ruwxın tábiyat kórinislerine baylanıstırıp súwretlewde de shıǵarmada kewil awdararlıq orınlar kóp» [3] dep durıs kórsetip ótedi. Durısında, da bul povestte qaharman xarakteri kóbinese peyzajlıq detallar arqalı ashıladı. Bul shıǵarmada qollanılǵan peyzajlıq detallar qaharman xarakterin ashıwda lirizmge qosa, onda tereń oylılıqtı kúsheytken. Ádebiyatshı ilimpaz V.Voronovtıń durıs kórsetkenidey, shıǵarmadaǵı tereń oylılıq kórkem psixologizm principiniń eń baslı belgileriniń biri.

Sh.Seytovtıń shıǵarmasındaǵı simvolikalıq peyzajlıq detallar milliy kórkem tradiciyalarımızdaǵı xalqımızdıń ózinshe kórkemlik tanımı milliy xarakter, milliy kalorit penen baylanıslı. Sebebi, povestlerindegi peyzajlarǵa baylanıslı simvolikalıq obrazlar (dawıl, bult, qıs, jaz, jawın hám taǵı da basqalar) qaraqalpaq klassik poeziyasında ásirese Berdaq, Gúlmurat shayırlardıń shıǵarmalarında sheber qollanıladı. Sh.Seytov usınday milliy tradiciyalardı házirgi kórkem prozanıń úlgileri menen sheber baylanıstıra alǵan. Jazıwshınıń milliy tradiciyalarǵa qatnasındaǵı jańashıllıǵı hám sheberligi de usınnan kórinedi [4:83-86].

J.Esenovtıń «Sheberliktiń sırları» izertlewinde, elesletiw, tús kóriw sıyaqlı gallyucinaciyalıq procesler arqalı da qaharman psixologiyası ashılıp otıradı. Bul usıl folklorlıq úlgilerden baslap házirgi kúngi jazıwshılarmızdıń shıǵarmalarında da qollanılıp júrgen tradiciyalıq forma bolıp esaplanadı. Gallyucinaciyalıq procesti psixologiyalıq analizlew usılı sıpatında P.M.Dostoevskiy de sheber qollanǵan. Biraq, óz shıǵarmalarında P.Dostoevskiy tús kóriw, elesletiw sıyaqlı gallyucinaciyalıq proceslerdi qaharmanlardıń sanasındaǵı psixologiyalıq awırıw sıpatında ótkirlestirip tragediyalıq planda súwretleydi. Jazıwshı ózi bul tuwralı: «…галюцинация есть премущественное явление болезненное» dep jazadı.

Al, qaraqalpaq milliy prozasınıń úlgilerinde bul forma psixikalıq awırıw sıpatında emes, milliy tradiciyadlıq formaǵa jaqın, xalıqtıń milliy isenimlerine jaqınlastırılıp, ol dóretiwshilik túrde ózlestirilip, basqa da psixologiyalıq analizlew usıllarına jaqınlastırılıp járdemshi sıpatında paydalanıladı.

Qaraqalpaq jazıwshılarınıń gallyucinaciyalıq processlerdi paydalanıwı dáwirdiń xarakterin belgilewshi baslı sıpatlardı qaharmanlardıń psixologiyası arqalı tereńnen súwretlewge járdemlesedi. Sonıń ushın da tús kóriw, elesletiw sıyaqlı processlerdiń paydalanıwın aytqanda olardıń milliy tradiciyalıq formalardan hám Dostoevskiylerdiń dástúrlerinen ózgesheligine, dáwir menen baylanısınıń tereńligine dıqqat awdarıw kerek.

Sh.Seytovtıń «Kóp edi ketken tırnalar» povestinde Sapardıń urısqa ketken aǵasın saǵınıw sezimi onıń tús kóriwi gallyucinaciyalıq procesi arqalı isenimli túrde psixolgiyalıq planda ashıp berilgen. Bul urıs dáwiriniń adamlardıń psixologiyasına alıp kelgen tásirin ashıw ushın da, ideyanı konkretlestiriwi ushın da jazıwshı tárepinen orınlı hám sheber paydalanılǵan.

Biz usınday urıs dáwirine baylanıslı tús kóriw sıyaqlı gallyucinaciyalıq processti psixologiyalıq analizlew usılı sıpatında qollanıwda qazaq jazıwshıları T.Axtanovtıń «Boran» romanın hám Sh.Murtazaevtıń «Qırq birinshi jılǵı kelinshek» povestlerinde de kóremiz. Bul baylanıslardıń tiykarında, bizińshe, usı qaraqalpaq hám qazaq jazıwshıları arasındaǵı dóretiwshilik psixologiyanıń olardıń dúnyanı kórkemlik tanıw koncepciyasınıń dáwirdiń birligi keltirip shıǵarǵan turmıs haqıyqatlıǵınıń tipologiyalıq uqsaslıqları turadı.

Qaraqalpaq povestlerinde Sh.Seytovtıń shıǵarmasınan basqa jazıwshılardıń dóretpelerinde gallyucinaciyalıq processlerdi ápiwayı primitivlik túrde qollanıwdan tısqarı, bul usıldı shın realistlik formada paydalanıw derlik sezilmeydi. Jazıwshılar bul usıldı tek ǵana psixikalıq awırıw sıpatında dep túsinip, onnan uzaqlasıw maqsetinde qollanbay júriwi de múmkin. Biraq, gallyucinaciyalıq processlerdi realistlik formada qollana biliw psixologiyalıq analizlewdiń házirgi jazıwshılardıń tvorchestvosında jiyi ushırasıp júrgen eń áhmiyetli usıllarınıń biri.

Psixologiyalıq analizlewde jazıwshılardıń qaharmanlardıń qıymılın paydalanıw usılın waqıyalardan, is-háreketlerden durıs ajırata biliw kerek. Qıymıl (jest) waqıya hám qaharmanlardıń is-háreketlerinen tar mánige iye. Qıymıl tek ǵana bir waqıtta, bir ǵana kishkene momentti óz ishine aladı, al is-háreketler bolsa waqıt hám keńisliktegi bir neshe momentlerdi óz ishine qamtıydı hám qıymıldan keń túsinikke iye. Waqıyalar, is-háreketler psixologiyalıq funkciya atqarmaydı. Salıstırıp qarayıq: milliy folklorlıq shıǵarmalarda da waqıya hám is-háreketler bar hám ol sxemalıq xarakterge iye bolıp, bizdi qaharmannıń boyındaǵı eń iri, baslı bir sıpattı yaki patriotizmdi yaki mártlikti ashadı.

Al qıymıl bolsa qaharmannıń ishki dúnyasındaǵı jay kózge kórine bermeytuǵın eń mayda hám qarama-qarsılıqlı sezim hám oylardı da realistlik penen psixologiyalıq planda ashıwǵa járdemlesedi. Mine, sonıń ushın da qıymıldı paydalana biliw de psixologiyalıq analizlewdiń eń jetilisken usıllarınıń biri hám ol barlıq jazıwshıda teńdey yamasa birdey baǵıtta sheberlik penen paydalanıla bermeydi. Sh.Aytmatovtıń «Jámiyla»sındaǵı Sadıqtan kelgen xattı Seyittiń oqıp atırǵandaǵı Jámiylanıń endi meniń atım shıǵar-aw dep gá kóterilip, gá moynın sozıp qarawları, Dániyardıń basqıshta óziniń mayıp bolıwına qaramastan qaptı arqalap joqarı órmelep baratırǵanındaǵı onıń ayaqları, qollarına shekem dirildep, biraq ishki gijiniwleri jazıwshınıń qıymıldı paydalanıwındaǵı asqan sheberligin kórsetedi.

Jazıwshı Sh.Seytov ta óziniń «Kóp edi ketken tırnalar» povestinde Sh.Aytmatovtan úlgi ala otıra qıymıl-qozǵalıslardı psixologiyalıq analizlew sıpatında durıs ózlestirgenligi seziledi. Mısalı, - Men qáyteyin, aǵa! Awılda birew sarsılsa, aldı menen meniń júregim sızlaydı. Bala-shaǵanıń sarsılǵanın kórmew ushın búgin-erteń ózim de urısqa atlanayın dep atırman.

Apam qolındaǵı átóshkirdi tastap jiberdi. Sheshem ornınan tiklenip otırdı, meniń bul kútilmegen patıratqa awızım ashılıp qaldı. Qonaq bala hesh nárse sezbegen máńgúrdey bolıp otıra berdi. Aǵamnıń ózi bir qálpin buzbastan otqa sazıraydı. Ǵarrı oǵan uzaq waqıt edireyip qaradı».

Bunda avtordıń Sh.Aytmatovtan qıymıldı tvorchestvolıq túrde ózlestire bilgenligi ayqın kórinip tur. Eger de Sh.Aytmatov bir adamnıń qıymılın súwretlew arqalı onıń psixologiyasın, ishki sırların ashsa, Sh.Seytov birneshe adamlardıń qıymılın parallel súwretlew arqalı olardıń psixologiyasındaǵı bir sezimdi, hayranlıq, tosattan bolǵan iske tań qalıwdı haqıyqat janlı túrde asha bilgen. Bunday usıl qaharmanlardı biziń kóz aldımızǵa kinonıń dekoraciyası sıyaqlı sxemalı formal túrde emes, al janlı turmıstaǵıday etip kórsetedi hám sol arqalı olardıń ishki sezimleri, psixolgiyası, dáwirdiń shınlıǵı ashılıp otıradı.

Usı jerde rus jazıwshısı A.Tolstoydıń qıymılǵa baylanıslı aytqan tómendegi sózlerin keltirip ótiw orınlı: «Men adamlarda olardıń ishki ruwxıy jaǵdayın xarakterlewshi qıymıl kóriwge qushtarman, qıymıl maǵan olardıń psixologisın ashıwǵa járdemlesedi». «…Qıymıl – bul adamzat psixologiyasın ashıwshı gilt». Bul pikirler Sh.Seytovtıń povestine de tiyisli hám onı shıǵarmadan alınǵan kóplegen faktler arqalı dálillewge boladı.

Tap usınday qıymıldı qazaq jazıwshısı T.Axtanov óziniń «Shıntas» povestinde de qollanǵan. Mısalı, «Plotta júrgen kisiler shoshıp, Qaldıqtaq shal birden jalp ete qaldı. Doy qara jigit nosilkaǵa úyip salǵan sarı sazanlardı tachka menen aydap, plottıń kenerindegi jalǵız taqtay menen qaltıldap bara jatır edi: tas tóbesinen samolet arıldap ótkende, selk etip, tachkanıń tabanı tayıp, bar balıǵın suwǵa awdarıp aldı, jurt kúlip jatır». Bul Sh.Seytovtıń povestinen alınǵan qıymıldı súwretlewler arqalı qaharman psixologiyasın ashıwǵa uqsas hám ol eki jazıwshınıń tvorchestvolıq psixologiyasınıń uqsaslıǵınan kelip shıqqan.

Q.Maqsetovtıń realizm menen tolıp ketken dóretpe maqalası «Xalqabad» romanın tanıstırıw baǵıtı menen bahalı. Haqıyqatında da «Xalqabad» romanı biziń prozamızdıń sońǵı jıllarındaǵı tabıslarınan esaplanadı. Jazıwshınıń tájiriybesiniń artqanlıǵı, som tulǵalar jasawı til sheberligi proza tarawına Sh.Seytovtıń atın keńirek tanıttı. Maqaladan kóp nárse kútiw múmkin edi, óytkeni, temasına qaraǵanda ol roman haqqında problema qozǵaytuǵınday kórinse de recenziya kóleminen shıǵa alınbaǵanına qaramastan, durıs eskertiwler jasaydı. Bunnan bılay qayta basılıwlarında kóp járdem beretuǵın orınlardı durıs kórsetedi.

Q.Maqsetov «Jańa povestler haqqında oylar» [5] maqalasında 1966-jılı basılǵan birqansha povestlerge obzor

jasaydı, bul óz xarakteri jaǵınan obzor sıpatında kózge túsedi. Obzorda avtor olardıń jetiskenligi, kemshiligi tuwralı óz oyları menen ortaqlasqan. Maqalanıń bunday formasınıń dástúrligin esapqa alsaq, bul da paydalı nárse. Avtor birqatar povestler haqqındaǵı pikirin janr máselesine baylanıslı qarastıradı, yaǵnıy povest janrına sáykesligi yamasa sáykes emesligi jaǵınan máselege qatnas jasaydı. Ekinshiden, povestlerdiń jámiyet turmısınıń házirgi kún ushın aktual bolǵan problemaların kóterip shıǵıwı hám «oqıwshılardıń názerin usı nársege awdarıp, úlken tárbiyalıq mektep dárejesin atqarıwı» jaǵınan bahalawǵa umtılǵan. Sóytip, belgili teoriyalıq, praktikalıq máseleni sheshiwge kiriskenligi quwatlawdı talap etedi. Sh.Seytovtıń «Qashqın» povesti ulıwma unamlı bahaǵa miyasar bolǵan shıǵarmalardıń biri. M.Nurmuxammedov usı povest arqalı oǵada tujırımlı formada «Jazıwshınıń sheberligi povestti qızıqlı etip shıǵarǵan. Eń aldı menen povesttiń kompoziciyasın kórsetiwi kerek: qızdıń tutqınnan qashıwın psixologiyalıq jaqtan súwretlew fonında qızdıń tutqınǵa deyingi ómir tariyxı, sezimleri, bastan keshirgenleri, talpınıwları kórkem túrde bayan etilgen» dep jazadı. K.Mambetovtıń «Prozadan izlengen soqpaq» [5] atlı maqalası bul shıǵarma haqqında ádewir tolıǵıraq maǵlıwmat beredi. Povesttiń romantikalıq ruwxına sáykes maqalada tap sonday bir kóterińkilik, jazıwshıǵa úlken isenim, geyde tereń sırlasıw baǵıtında jazılǵanında ǵana emes, al «usı momentler ushın bolǵanda» degen hám oǵada durıs sezgirlik penen jazılǵanın kóriwge bolar edi. «Qashqın» povestin oqıp otırıp, - deydi K.Mambetov, - avtor óz soqpaǵın prozadan tapqan eken-aw, degen pikirge kelip qaldım…Ol tábiyat kartinaların sızıwǵa beyim shayır. Onıń házirgi prozasın oqıp poeziyasına qaraǵanda ústem ekenligin moyınlaw kerek». Kritik povesttegi xarakterli momentlerdi mısal ushın orınlı tarta bilgen, usınday temaǵa jazıwshınıń qáleminiń júyrikligin súwretlewdiń originallıǵın, ráń-báreń boyawlardıń qıyıwın tawıp qulpırıwın, eki qolı baylanıp atqa óńgerilgen qızdıń tragediyasın ózinshe bir tartımlılıq penen súwretleydi. Espe qumda qashıp baratırǵan Nesibeli, quwǵınshı Qanlıqılısh, onıń izinen quwǵan Durdı háreketleri oqıwshınıń kóz aldında janlı kartina bolıp elesleydi de turadı. Biziń kóz aldımızǵa qashqın ǵana emes, al úyirinen adasqan, usha-usha qanatları talıp, zárre dem alıw ushın gezlesken kólge shomılıp atırǵan quwǵa, japadan-jalǵız adasqan aq quwǵa megzep ketken súwret bar. Usı jerde M.Nurmuxammedovtıń, «Menińshe povesttiń burınǵı atı jaqsıraq edi, eń baslısı bul Sh.Seytov tvorchestvosınıń romantikalıq ruwxına sáykes edi» degen pikirdiń biykarǵa aytılmaǵanlıǵın moyınlawǵa boladı. Povest tuwralı K.Mambetovtıń Qanlıqılısh, Durdı, Nesibeli xarakterindegi motivirovkalardıń jetispewshiligi boyınsha pikirlerine qosılıw kerek. S.Bahadırova bolsa usı povestler haqqındaǵı maqalasın «Proza tilindegi poeziya» [6] dep ataǵan.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda til kórkemligindegi sheberlik, qurılısındaǵı jıynaqlılıq, syujet jemisindegi tábiyǵıylıq jáne povestlerdi poema sıyaqlı bir pútin juwmaqlanǵan iri povestlerdiń tilinde ǵana emes, barlıq syujetlik aǵımı názik lirikalıq qosıq sıyaqlı povestlerdiń hárbir qatarında koriwimiz mumkin. Jazıwshı tilinde epikalıq shınlıq ózinshe tolǵandıra alǵan povestlerin proza tilindegi lirikalıq poema dewge boladı.

**Ádebiyatlar**


1. Allambergenov K. Iǵbal soqpaqları. // «Ámiwdárya», 1989, №1.
2. Nurmuxammedov M.K. Seytov Sh. «Qashqın» povesti haqqında. // «Ámiwdárya».№ 10. 1970.
3. Maqsetov Q. Realizm menen tolıp ketken dóretpe. // «Ámiwdárya». №6 .1984.
4. Esenov J. Sheberliktiń sırları. -Nókis: «Qaraqalpaqstan». 1986. 83-86-b.
5. Мамбетов К. Прозадан изленген соқпақ. // «Ámiwdárya». -Nókis: 1987. №9.
6. Бахадирова С. Проза тилиндеги поэзия. / «Erkin Qaraqalpaqstan», № 250, 1987.



**REZYUME.** Maqolada yozuvchi Sh.Seytovning badiiy mahorati haqida fikr yuritiladi. Xususan, syujet qurishdagi izlanishlari batafsil tahlil qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается художественное мастерство писателя Ш.Сеитов в прозе. В частности, будут подробно проанализированы их исследования в области построения сюжетов.

**SUMMARY.** The article discusses the artistic skills of the writer Sh.Seitov in prose. In particular, his research into plot construction is analyzed in detail.


## QARAQALPAQ XALÍQ MIFOLOGIYALÍQ ÁPSANALARÍNÍŃ TEMATIKALÍQ KLASSIFIKACIYASÍ


**G.S.Qalbaeva** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** mifologik afsonalar, g'oyaviy-mavzuviy yo'nalishlar, kalendar, etiyologik, utopik, kosmogonik, janriy-mavzuviy tasnif, badiiy xususiyatlar.

**Ключевые слова:** мифологические легенды, идейно-тематическая направленность, календарная, этиологическая, утопическая, космогоническая, жанрово-тематическая классификация, художественные особенности.

**Key words:** mythological legends, ideological and thematic focus: calendar, etiological, utopian, cosmogonic; genre and thematic classification, artistic features.


**Kirisiw.** Qaraqalpaq folklortanıw iliminde jaqın kúnlerge shekem qaraqalpaq ápsanalarınıń tariyxıy dereklerin, janrlıq belgilerin, kórsetiw, sonday-aq olardı óz ishinde janrlıq-tematikalıq túrlerge jiklew boyınsha izertlew jumısları bolǵan joq. Globallasıw procesi keskin túrde kúsheyip baratırǵan házirgi dáwirdegi siyasiy-mádeniy rawajlanıwdaǵı folklor dástúrleriniń ornın belgilew zárúrligi janrlar teoriyası boyınsha izertlewler kólemin jáne de keń en jaydırdı. Nátiyjede xalıq awızeki doretiwshiligi janrlarınıń, sonıń ishinde xalıq ápsanaların ideyalıq mazmunı boyınsha klassifikaciyalaw, epikalıq syujet hám motivleriniń salıstırmalı-tipologiyalıq tábiyatın, tariyxıy-genetikalıq tiykarların úyreniwge qaratılǵan jańa teoriyalıq kózqaraslar júzege keldi. Xalıq prozasın izertlewge arnalǵan zamanagóy ilimiy koncepciyalar qaraqalpaq xalıq ápsanalarınıń genezisi, janrlıq hám kórkemlik ózgesheliklerin sistemalı túrde úyreniw imkaniyatın berdi.